COVID-19

Tès ou pozitif—ki pwochen etap?

Depatman Sante Florid • FloridaHealth.gov

Rete lakay ou.

Izòlman nan kay ak swen lakay se sa pifò moun ap bezwen. Asire ou:

- Swiv sentòm ou yo.
- Pran repo epi rete idrate.
- Mande founisè swen sante ou ransèyman sou medikaman pou doulè ak lafyèv.
- Swiv konsèy Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention) pou swen lakay ou: CDC.gov/coronavirus/2019-ncov/if-you-are-sick/.

CDC bay nouvo opsyon pou redwi karantèn. Eskane kòd la pou n aprann plis.

Sentòm Ou yo

Èske sentòm ou yo vin pi mal oswa yo amelyore?

Tous **Souf kout**

Sentòm ki pi kouran yo pou COVID-19 se tous ak souf kout. Lòt sentòm yo gen ladan lafyèv oswa frison, difikilte pou respire, fatig, doulè nan misk oswa doulè nan kò, maltèt, vin pa ka pran gou oswa pran sant, malgòj, konjesyon oswa nen k ap koule, kèplen oswa vomisman, epi dyare.

Si ou panse sentòm ou yo pi mal pase yon rim òdinè oswa yon grip lejè, rele founisè swen sante ou oswa 911 si se yon ijans. Asire ou di yo tès ou pozitif pou COVID-19.

Pwoteje Fwaye Ou

Si ou pataje kay ou, pa pataje COVID-19.

Pandan 14 jou, rete lwen lòt moun epi izole ou nan yon chanm. Sèvi nan yon twalèt apa ke oumenm sèlman kapab itilize, si sa posib. Tout moun nan kay la dwe pratike ijyèn men ak figi.

- Kouvri touse ou ak etènye ou avèk andedan koudbra ou ak yon klinèks—jete klinèks la.
- Lave men ou souvan avèk savon ak dlo.
- Pa manyen figi ou.
- Mete yon mask nan figi ou lè ou nan mwens ke 6 pye ak lòt moun.
- Pa pataje bagay pèsonèl ak atik nan kay la.
- Netwaye ak dezenfekte chak jou tout sifas "anpil moun manyen" yo—manch pòt, kontè, manch frijidè.

Enfòme Kontak Pwòch Ou yo

Si ou te nan kontak pwòch avèk moun nan moman ki kòmanse de jou anvan ou te vin malad epi ou izole tèt ou, di yo ou gen COVID-19.

Pou sispann transmèt COVID-19 nan kominote ou, pataje konsèy sa yo:

- Rete lakay yo pandan 14 jou kòmanse avèk dènye jou yo te an kontak pwòch avèk ou.
- Pratike distans sosyal: si yo dwe kite kay yo, kenbe omwen 6 pye ant yomenm ak lòt moun.
- Swiv sentòm posib COVID-19 yo.
- Swiv konsèy CDC yo pou swen nan kay: CDC.gov/coronavirus/2019-ncov/if-you-are-sick/.
- Jwenn plis enfòmasyon: FLHealthCOVID19.gov oswa CDC.gov/coronavirus.